



Sibvansyon pou Estabilizasyon Gadri Timoun yo la! Sèvi ak lajan sibvansyon sa a pou fè amelyorasyon nan pwogram ou an oswa ede li refè anba ijans sante piblik COVID-19 la.

Sibvansyon sa yo se yon investisman istorik nan domèn gadri timoun. Pwofite opòtinite inik sa a epi aplike!

Opsyon: Byen ak Sèvis ki Nesesè pou Kenbe oswa Reprann Sèvis Gadri pou Timoun

Sèvi ak lajan sibvansyon nan opsyon sa a pou peye pou bagay tankou:

- Byen—manje ak sèvis manje, ekipman ak materyèl, ak materyèl pou jwe, aprann, manje, mete daypè ak ale nan twalèt, oswa dòmi an sekirite
- Sèvis—fòmasyon ak sèvis sipò pou otomattize biznis (gadri k ap swiv sistèm sou entènèt, elatriye), sèvis pataje (Alyans Sèvis Pataje), sèvis jesyon gadri pou timoun (sistèm pewòl sou entènèt, sèvis kontablite, elatriye), sèvis manje, transpò, sèvis gadyen/ jeran oswa netwayaj, ak fòmasyon OCFS apwouve pou anplwaye yo
- Frè ki gen rapò ak demann Otorizasyon Sou Entènèt Rejis Santral Eta a pou Abi ak Move Tretman sou Timoun (Statewide Central Register, SCR)

Pa bliye dokimante!

- Ou pa bezwen voye resi oswa fakti, men ou **DWE** dokimante kijan ou depanse lajan sibvansyon ou an.
- Ou dwe kenbe resi ou yo ak dokiman dosye a, nan yon katab oswa yon fason elektwonik, pou omwen senk (5) lane.

Ki kote mwen dwe ale pou aplikasyon an, pou plis enfòmasyon, ak mizajou?

- Sit Entènèt Sant Èd Estabilizasyon an (aplikasyon/vidyo sou entènèt ki dekri tout 8 opsyon yo): ocfs.ny.gov/childcare-stabilization/
- Ajans lokal Resous ak Referans sou zafè Gadri Timoun ou an: ocfs.ny.gov/programs/childcare/referral-agencies.php
- Sosyete Lojman ak Devlopman Ekonomik pou Fanm: whedco.org
- Ajans enskripsyon w lan (Enrollment Agency, EA)
- Reprezantan sendika w la